Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 33 (6665) 29 июль 2019 с. Итни ЗулкъагIида 1440 с. Багьа эркенаб

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## 184 гIарза ва рацIцIалъи цIуни

### Сахлъи цIуниялъул ва росаби берцин гьарун къачIаялъул суалал гьоркьор лъуна

**22 июлалда Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIана сахлъи цIуниялъул, росаби берцин гьарун къачIаялъул ва цогидалги кIвар бугел суалал гьоркьор лъураб данделъи.**

Гьеб рагьана ва бачана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас.



Данделъиялда гIахьаллъана федералиял, республикаялъулал ва муниципалиял хъулухъазул хIалтIухъаби, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел.

Россиялъул пенсиязул фондалъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев ТIалхIат Жамалудиновас бицана пенсионнияб лъай буголъи борхизабиялъул ТIолгороссиялъул проект гIумруялде бахъинабиялъул. «Гьеб проектги тIубазабулаго пенсионнияб фондалъул специалистаз гIадамазул лъай-хъвай гьабулеб буго пенсиялъулал ихтиярал цIуниялъул, учреждениязда хIалтIи гIуцIиялъул къагIидабазулгун» – ян абуна ТIалхIат Жамалудиновас. Гьединго гьес рорхана социалияб хьезариялъул пачалихъияб информационнияб цогояб системаялъул, гьелъ социалияб хьезариялде хIажатал гIадамал загьир гьаризе рукIиналъул, гьединго эбелалъул капиталалъул хIакъалъулъ ва цогидалги суалал.

ГIемерфункциялъулаб централъул Гумбеталда бугеб филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас абуна централде пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ гьабеян 184 гIарза бачIанин араб анкьалъ. Районалъул ветеринарияб управлениялъул нухмалъулев ГIали ГIалиевас тIадчIей гьабуна гIибоцIуе сахгьариялъулгун профилактикиял тадбирал тIоритIулел рукIиналда.

Районалъул централияб больницаялъул бетIерав тохтурасул ишал тIуразарулев МухIамадхIабиб Абакаровас бицана Лаваша районалда тIобитIараб ДРялъул сахлъи цIуниялъул министерствоялъул коллегиялъул данделъиялда гIахьаллъанин.

«Сельсовет «Мехельтинский»» росдал поселениялъул бетIер МухIамад ГIабдунасировас абуна Мелъелтlа росулъ субботник тIобитIанин, росулъа рищникъул гIадамалги рахъинарун, юк баччулел машинабаз баччанин.

Районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас баян гьабуна школазда «ЦебетIеялъул точка» программаялда рекъон хIалтIаби ахиралде щолел ругин, районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас гьеб рахъалъ цебе лъураб масъала моцIрол ахиралде тIубазе бугин.

Данделъиялъул хIасилал гьарулаго, районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас киналго ахIана лъикI хIалтIизе.

**Хадижат Мазгарова**

АРАЛДА ТАМАНЧА РЕЧIЧIАНИ...

## Бице, эбел - ватIан, бице, Дагъистан...

### Дагъистаналъул Конституциялъул къо кIодо гьабуна

**Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул данделъабазул залалда кIодо гьабуна Дагъистаналъул Конституциялъул къо. Гьеб тадбиралда гIахьаллъана учреждениязул ва гIуцIабазул хIалтIухъаби.**

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас рагьана рохалилаб данделъи ва баркиялъулаб кIалъай гьабуна.



«Ассаламу гIалайкум, хIурматиял бакълъулал! РакIракIалъ баркула тIаде щолеб бугеб пачалихъияб байрам – Дагъистан Республикаялъул Конституциялъул къо. Дагъистаналъул Конституция – гьеб ккола дагъистаниязул ихтиярал, эркенлъаби, тIадал ишал рихьизарураб аслияб документ. Гьеб къабул гьабиялъ цIияб гьумер рагьана гIемермиллатазулаб Дагъистаналъул халкъ цебетIеялъулъ. Конституциялъ щула гьабуна дагъистаниязул гъунки ва цолъи, жамгIияталда рекъел ва рагIи дандеккей.

Пачалихъалъе гIаммал ишазе ритIухълъи, кIудияб ва гьитIинаб ВатIаналъе гIоло рухI кьезе хIадур рукIин, Дагъистаналъул халкъалъ бихьизабуна халкъазда гьоркьосел террористал республикаялде тIаде кIанцIараб 1999 соналъул август – сентябрь моцIаз. Гьаб соналъ кIодо гьабулеб буго МугIрузул улкаялъул гIорхъабазда бандитазул къокъаби щущахъ риххизаруралдаса 20 сон тIубай. Бакълъулазул районалдаги гIуцIун рукIана парахалъи цIунулел органалгун цадахъ бандитазда дандечIей гьабизе ополченцазул отрядал.

Цойги нухалъ баркула Дагъистаналъул Конституциялъул къо, гьарула киназего щулияб сахлъи, талихI, икъбал, планал гIумруялде рахъинариялъулъ цIия-цIиял бергьенлъаби», - ян абуна МухIамад Хъарагишиевас.

Дагъистаналъул Конституциялъул къо баркана, гьелъул тарихалъул ва кIваралъул бицана районалъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас, Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулесул личный составалъулгун хIалтIи гIуцIиялъул рахъалъ кумекчи Камалудин МухIамадсагIидовас ва цогидазги.

Рохалилаб данделъиялда гIахьаллъаразе лъикIаб программаялъул концерт кьуна Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул централъул «Гумбеталъул махщалилал» художественнияб къокъаялъ.

Данделъиялда 14 сон барай чанго гIолилалъе кьуна Россиялъул паспортал.

**Къурмагъиз ХIадисова**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Инхоса ГIали-хIажиясул халгIат – Дербенталда

-2 гьум.



Аргъвани – гьазизабазул хъала

-2 - 4 гьум.



АЗС «Инхо» проводит в Гумбетовском районе благотворительную акцию «Путник за чашкой чая»

-3 стр.




Памятка о защите от действий дистанционных мошенников

- 3 стр.

УНЕЛ РУГО РУЧЧАБИ, ГЪЕЖДА ДУНИЯЛГИ ЛЪУН...

# Инхоса ГIали-хIажиясул халгIат – Дербенталда

### «Алжан эбелалъул хIатIакь буго» абураб республикаялъулаб фестивалалда гIахьаллъана бакълъулазул вакилзаби

**21 июлалда Дербенталда тIобитIана «Алжан эбелалъул хIатIакь буго» абураб республикаялъулаб фестиваль. Гьеб гIуцIун букIана Дагъисталъул Муфтияталъ Дербент шагьаралъул администрациялъгун цадахъ.**

Тадбиралда гIахьаллъана ДРялъул Муфтиясул заместитель АхIмад Кахаев, Дагъистан Республикаялъул миллияб политикаялъул ва диниял ишазул рахъалъ министр Энрик Муслимов, ДРялъул Муфтияталда цебе бугеб лъайкьеялъул отделалъул руччабазда гьоркьоб хIалтIи гIуцIиялъул рахъалъ нухмалъулей ГIайшат НурмухIамадова ва цогидалги хIурматиял гьалбал.

Фестивалалда рихьизарулел рукIана халкъазул рукIарахъиналъул, Дагъистаналъул халкъиял кверзул махщалил тIагIелал, миллиял квенал ва цогидабги.

Бакълъулазул районалъул делегациялъе цебехъанлъи гьабуна ДРялъул




Муфтияталда цебе бугеб районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев МухIамадрасул МухIамадовас гьебго отделалъул хIалтIухъаби Асият ХIасанхIажиевалъ, ГIайшат МухIамадовалъ, Раисат Мансуровалъ, Хадижат СултанмухIамадовалъ ва Сабият ШагIбановалъ.

Бакълъулазул районалъул чадиралъур лъун рукIана рукIа-рахъиналъул цересел тIагIелал, машгъурав шагIир, хъвадарухъан, гIалим ва философ Инхоса ГIали-хIажиясул халгIат ва цогидабги гIемераб къайи. МагIарулазул церегосел рецептазда рекъон хIадур гьарурал батIи-батIиял квенал къуна гьалбадерие бакълъулазул вакилзабаз.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# БецIлъиялда данде рагъ балел ичичIалисел

### «Ниж наркотиказда данде» абураб ахIиялда гьоркь ИчичIалиб данделъи тIобитIана

**Бакълъулазул районалъул ИчичIали росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централда тIобитIана «Ниж наркотиказда данде» абураб ахIиялда гьоркь дандерусин.**

Централъул нухмалъулев МухIамад Ханахъаевас гьенир гIахьаллъаразе бицана наркотиказул зараралъул, киназдего хитIаб гьабуна гьелде данде къеркьеян, наркотиказул зараралдаса цIунеян.

«Эбел-инсудасан, школалдасан байбихьизе ккола гIолеб гIелалъе тарбия кьезе, сурукъаб иш добегIан тезе малъизе. Гьекъолди, тамахо бухIи, наркотикал хIалтIизари ккола щивав чиясул гьайбатаб гIумру ра-



къанде рехулел сурукъал ишал. Наркомания гьеб ккола къокъаб ва кьогIаб гIумру, хьизабазда къварилъаби, лъималазул бадиса чвахулеб магIу, ахир гьечIеб рекIел бакъвай. ЦIунаги Аллагьас нилъ гьеб хIажат гьечIеб жоялдаса», - ян абуна Ханахъаевас.

**«Гумбет» РИО**

1999 СОНАЛЪУЛ ДАРСАЛ. АНТИТЕРРОР. ДУНЯЛАЛЪЕ – РЕКЪЕЛ

# БахIарчиял улбуз куцала бахIарчиял лъимал

### Бакълъулазул Руччабазул советалъул вакилзаби гIахьаллъана МугIрузул территориалияб округалъул руччабазул форумалда

**МугIрузул территориалияб округалъул районазул руччабазул вакилзабиги гIахьаллъун, ЦIумада районалъул администрациялъул актовияб залалда тIобитIана форум.**

Вечедов, Энрик Муслимов, МухIамад Камилов, Идрис Асадулаев ва цогидалги. Жидерго кIалъаязда гьез бицана 1999 соналъул августалда ккарал лъугьа-бахъиназул, халкъазда гьоркьосел террористаз



Гьениб гIахьаллъи гьабуна МугIрузул территориалияб округалда Дагъистаналъул бетIерасул ихтияр кодосев вакил МухIамад Камиловас, ДРялъул миллияб политикаялъул ва диниял ишазул рахъалъ министр Энрик Муслимовас, «ЦIумада район» муниципалияб районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас, «Дагъистаналъул руччабазул Союз» ДРООялъул председатель Интизар Мамутаевалъ, Дагъистаналъул муфтиясул кумекчи Идрис Асадулаевас ва цогидазги.

Руччабазул дандеруссин тIобитIана 1999 соналъ Дагъистаналде тIаде кIанцIарал халкъазда гьоркьосел террористал рачахъаралдаса 20 сон тIубаялда хурхун. Гьениб гьоркьоб лъуна миллатазда гьоркьоб рекъел цIуниялда хурхун руччабазул кIваралъул хIакъалъулъ суал. Форумалда кIалъазе рахъана АнвархIажи гьарурал вахIшиял ишазул, Чачаналда рагъулъеги, августалъул лъугьа-бахъиназдеги, бандитаздаса гIагараб ракь цIунизеги руччабаз россал, васал, вацал нухда регIиялъул, ВатIан цIуниялъулъ руччабазул цебехъанаб гIахьаллъиялъул.

Бакълъулазул районалдаса форумалда гIахьаллъана руччабазул советалъул нухмалъулей Загьра ГIабдулаева, членал ПатIимат ГIумарахъаева, ПатIимат ХIусенова, ГIазра Исубилаева. Данделъиялда кIалъазе яхъана Гумбеталъул руччабазул Советалъул нухмалъулей Загьра ГIабдулаеваги. Гьелъ тIадчIей гьабуна умумузул лъикIал гIадатазда, битIараб нухдаса тариларедухъ, ракълида ва цоцалъ рекъон рукIинедухъ гIолеб гIелалъе тарбия кьеялъул бугеб кIваралда, руччабаз гьеб рахъалде кинабго къуват буссинабизе ккеялда.

**«Гумбет» РИО**

ТАРИХИЯЛ ДАРСАЛ. АРГЪВАНИБ РАГЪ ККАРАЛДАСА 180 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# Аргъвани – гъазизабазул хъала

### 1839 соналъул риидал Аргъвани росулъ ккараб рагъ

**Гьаб макъалаялда рехсей гьабулеб буго XIX гIасруялда Кавказалда ккараб кIвар бугеб лъугьа-бахъиналъул – 1839 соналъул риидал Аргъвани росулъ ккараб рагъул, хIасил гьабулеб буго гьелъие ккараб гIиллаялъул, гьеб кьалул хроникаялъул ва Дагъистаналъул тарихалда гьелъул бугеб кIваралъул.**

## МагIаруллъиялъул каву

Аргъвани ккола Бакълъулазул районалъул цебегосеб росу. ГIурусазул тарихчи Н. Семеновасул «Туземцы Северо-Восточного Кавказа» абураб тIехьалда хъвалеб буго Сириялдаса Аргъунида ва гьесул вацIгIал ХIамзатида, гьединго имгIал Фахрудинида батанин сверун рохьазги ккураб санагIатаб бакI. Аргъун чIун вуго гьеб бакIалда яшав гьабун. МугIрузул Дагъистаналда тIоцересезул цояблъун кколеб Аргъвани росу гIун бачIана гьеб бакIалда. ГIагашагарго гьелъул тарих 1250 соналда ба-щалъула.

Салатавиялде, НахъбакIалде, нухда бугеб бакI букIиналъ, Аргъвани росу ккола мугIрузул Дагъистаналъул тарихиял гIемерал лъугьа-бахъиназул нугIлъун.

## Рекъав Тимурил сухъмахъ

Эргъвендерида хьинтIана Тимурил чабхъеналги. Гьанжеги цIунун руго Тимурил сухъмахъ абураб ва цогидалги гьел лъугьа-бахъиназе нугIлъи гьабулел цIарал. Аргъвани росу машгъураб буго, Дагъистаналда гурелги, гьеб бахун къватIирехунги машгъурлъарал гIадамаздалъунги. Гьединазда гьоркьор рехсезе мустахIикъал руго гIалимзаби-гIарабистал ХIажи-ГIали (хвана 1769 соналда), ГIали-хIажи (XVIII гIасру), КъурбангIали-хIажи, ГIабдухIалимдибир, ПирмухIамад. Машгъурал рукIана Пахрудин ва ГIабдулатIип Шамхаловал. Пахрудин вукIана гIалимчи-гIарабист ва гьес кIудияб бутIа лъуна Дагъистаналъул адабият цебетIезабиялъулъ.

ГIабдулатIип Шамхалов 1921 соналда тана авар мацIалда бахъулеб республикаялъул «БагIарал мугIрул» газеталъул редакторлъун. Гьес лъугIизабуна Востоковедениялъул институт ва 1929 соналда – аспирантура, гьев ккола Дагъистаналда тIоцересел гIелмабазул кандидатазул цояв.

## Шамил имамасул генерал Абакар-дибир

XIX гIасруялда Кавказалъул рагъул байбихьудасаго эргъвендерица Дагъистаналъул ва чачаназул имамзабазул рахъкквана. Масала, наиб Абакар-дибирица лъабавго имамасе ритIухълъиялъе гьа бана ва Шамил имамасул генераллъун, мудирлъун вукIана.

(Ахир - 4 - аб. гьумералда)

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ – МАГIАРУЛАЛ ЧIАХЪАГИ!

# «Рагъулал цIумал»

### Хасавюрталда жубараб речIчIухъанлъиялъул турнир тIобитIана

**Хасавюрт шагьаралда «Рагъулал цIумал» абураб жубараб речIчIухъанлъиялъул клубалда тIоритIана спорталъул гьеб тайпаялъул къецал.**

Турниралда 92 килограммалде цвезегIан цIайиялда грепплингалъе тIоцебесеб бакI ккуна Бакълъулазул районалъул МелъелтIаса Мурадбег МухIамадовас.

Районалъул нухмалъулез ва районцояз Мурадбег МухIамадовасда баркулеб буго бергьенлъи ва гьарулеб буго сахлъи, рохел хадурккунги спорталъулъ церетIеял.



**«Гумбет» РИО**

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ – МАГIАРУЛАЛ ЧIАХЪАГИ!

# МелъелтIаса Расулица тIоцебесеб бакI ккуна

### Курск шагьаралдаса бергьенлъи

**Курск шагьаралда тIобитIана жубараб речIчIухъанлъиялъул турнир. Гьеб гIуцIун букIана «Гринн» корпорациялъул кубокалъе гIоло. Спорталъул тадбиразда рукIана кикбоксингалъул, боксалъул ва жубараб речIчIухъанлъиялъул къецал.**




Бакълъулазул районалъул МелъелтIа росулъа Расул Саласкаровас гIахьаллъи гьабуна гьел къецазда ва тIоцебесеб бакI ккуна.

Районалъул нухмалъулез ва районцояз Расул Саласкаровасда бергьенлъи баркулеб буго ва гьарулеб гIумруялъулъ икъбал, талихI, спорталъулъ цебетIей ва лъикIабщинаб.

**«Гумбет» РИО**

# Оперативно-профилактическое мероприятие «Детское кресло!»

**Согласно распоряжению МВД по РД №17/5571 от /12.07.2019 г. на территории Гумбетовского района проводится оперативно-профилактическое мероприятие «Детское кресло!».**

Данная операция направлена на снижение аварийности с участием детей.

Отделение ГИБДД по Гумбетовскому району обращается к родителям района с просьбой позаботиться о своих детях. Внимательно следить за их поведением на дорогах. Исключить возможность самостоятельного появления детей до 10 лет без сопровождения взрослых на проезжей части дороги, соблюдение детьми и подростками правил дорожного движения при управлении велосипедами и мототранспортом. Следует обсудить с детьми кратчайшие и безопасные маршруты их движения, при этом учитывать интенсивность движения транспортных средств в местах перехода детей через проезжую часть?

Также обращаемся к водителям транспортных средств: быть внимательнее на дорогах, во время езды в светлое время суток фары ближнего света или дневные ходовые огни вашего автомобиля должны быть включены. В темное время суток и в условиях недостаточной видимости, независимо от освещения дороги, фары дальнего и ближнего света должны быть включены на всех автомобилях и мопедах.

За анализируемый период в рамках данной операции ОГИБДД ОМВД РФ по Гумбетовскому району составлен 3 административный протокола по ст. 12.23 ч.3 КоАП РФ (нарушение требований к перевозке детей, установленных ПДД).

**Расул Ахкубегов,**
**начальник ОГИБДД ОМВД России по Гумбетовскому району, майор полиции**

# АЗС «Инхо» проводит в Гумбетовском районе благотворительную акцию «Путник за чашкой чая»

**На АЗС «Инхо» Гумбетовского района в течение многих лет проводится благотворительная акция «Путник за чашкой чая». В рамках акции водители, заправляющие автотранспорт на данной АЗС, а также пассажиры, путешественники получают бесплатный чай и угощенья в придорожной беседке.**

Владелец АЗС «Инхо», предприниматель Магомедали Муртазалиев рассказал, что для него важно, чтобы путники, проделывающие долгий путь по извилистым, опасным горным дорогам, смогли отдохнуть, подкрепиться горячим чаем или кофе и в бодром расположении духа продолжить свое путешествие.

Через Гумбетовский район проходит трасса республиканского значения Махачкала – Ботлих, связывающая горный Дагестан с равниной. По этой дороге проезжают сотни тысяч жителей Гумбетовского, Хунзахского, Ботлихского, Ахвахского, Цумадинского, Цунтинского и других районов республики.

«В течение одних суток сотни людей останавливаются на АЗС «Инхо». Благодарен им за такое доверие. Мы стараемся обеспечить на станции качественным топливом и угощаем всех бесплатным чаем и кофе. В летнее время у нас часто гостят туристы из других регионов», – поделился Магомедали Муртазалиев.

Глава Гумбетовского района Хаджимурад Магомедов проводит работу по поддержке малого, среднего и крупного предпринимательства, по привлечению в муниципалитет инвестиций.

Отметим, что во время прошедшего месяца Рамадан АЗС «Инхо» также организовала бесплатные благотворительные ифтары для путников. Путешественники, посетившие данный объект, уносят с собой добрые впечатления, приятные воспоминания о гостеприимстве и неповторимый вкус умиротворяющего инховского чаепития.

**РИО «Гумбет»**

# Памятка о защите от действий дистанционных мошенников

**Министерство внутренних дел республики обращается к гражданам! В последнее время на территории Российской Федерации, в том числе и на территории Республики Дагестан, участились следующие случаи совершения мошенничеств с использованием мобильной связи и сети Интернет:**

**— под видом работника банка к Вам звонят обращаются по имени и отчеству, после чего сообщают, что в связи со сбоем в системе безопасности заблокировалась Ваша банковская карта, либо кто-то пытался несанкционированно списать с Вашего счета денежные средства, в связи с чем карта заблокирована и для ее разблокировки необходимо сообщить ее номер, срок действия, а также код безопасности, указанный на оборотной стороне. Получив указанные сведения от гражданина, преступник вводит их в любом интернет-сервисе по переводам средств между банковскими счетами, после чего просит назвать поступивший в смс-сообщении от абонента «900» пароль, который предназначен для подтверждения перевода Ваших денежных средств.**

(Ни один банк не проводит операции, связанные с разблокировкой, заменой и пип. банковских карт, вне операционного офиса и без предоставления паспорта своего клиента. Информацию о Вашем имени и отчеству, а также последних 4-ех цифрах номера карты, мошенник узнает в свободном доступе посредством приложения «Сбербанк онлайн», в случае если Ваш телефон «привязан» к банковской карте. При поступлении такой информации, сразу обратитесь в офис банка, не сообщайте никаких сведений по телефону и не производите никаких действий по указанию звонящего).

- Вы разместили на одном из интернет-сайтов объявление о продаже товара. Вам позвонили и в ходе телефонного разговора пояснили, что намереваются приобрести данный товар, и просят номер банковской карты для перевода Вам денежных средств в счет оплаты стоимости товара, за которым потом якобы приедет курьер. Получив номер банковской карты, звонивший поясняет, что у него банковская карта стороннего банка и что для перевода средств также необходимо назвать срок ее действия, а также код безопасности указанный на оборотной стороне, после чего просит назвать поступивший в смс-сообщении от абонента «900» пароль, который предназначен для подтверждения перевода Ваших денежных средств на счет мошенника.

(Никогда не сообщайте реквизиты своей банковской карты, для перевода предоплаты потенциальным покупателем, в случае если Вы продаете свое имущество через интернет!!! Для перевода денежных средств на счет любой банковской карты необходимо знать только ее номер, указанный на лицевой стороне. Срок действия карты, код безопасности, указанный с оборотной стороны, а также пароль, поступивший от банка в смс-сообщении, никому нельзя называть, в том числе работникам банка.

- Вы разместили на одном из интернет-сайтов объявление о сдаче в аренде недвижимости. Вам позвонили и в ходе телефонного разговора как правило представились военнослужащим, которого переводят для прохождения дальнейшей службы в Ваш город. Несмотря на то, что звонивший не видел квартиру, он поясняет что его устраивает данный вариант, в связи с чем он или бухгалтерия воинской части, намерены перевести вам предоплату за несколько месяцев вперед. Однако для бухгалтерской отчетности якобы необходим чек, свидетельствующий о получении Вами аванса, в связи с чем звонивший просит подойти Вас к банкомату, вставить банковскую карту и проделать под его диктовку ряд манипуляций, а также назвать пароли, поступившие в смс-сообщениях от банка. После этого, мошенники похищают средства со счета Вашей банковской карты, либо осуществляют вход в Ваш личный кабинет «Сбербанк онлайн» и при наличии у Вас вклада, переводят средства со счета вклада на счет Вашей же банковской карты, после чего просят вернуть их обратно, якобы ошиблись в сумме, и Вы предполагая что эти деньги действительно Вам перевели ошибочно вносите их на счета абонентских номеров, указанных мошенником.

(Никогда не сообщайте реквизиты своей банковской карты, для перевода предоплаты, н один здравомыслящий человек не переведет Вам денежные средства в счет аренды жилья, увиденного на фотографиях. Для перевода денежных средств на счет любой банковской карты необходимо знать только ее номер, указанный на лицевой стороне. Срок действия карты, код безопасности, указанный с оборотной стороны, а также пароль, поступивший от банка в смс-сообщении, никому нельзя называть, в том числе работникам банка. Вы разместили на одном из Интернет сайтов заявку на получение кредита. Через некоторое время Вам в телефонном режиме поступило уведомление об одобрении заявки, якобы одним из коммерческих банков. Затем для предоставления кредита, звонившие просят перевести им средства под предлогом открытия счета в их банке, оплаты страховки, курьерских расходов и т.д. (Не производите никакие оплаты!!! Ни один банк не предоставляет кредит без составления кредитного договора и посещения их офиса. Кроме того, заключение кредитных договоров в банках, а также микрофинансовых организациях не предусматривает дистанционную оплату какихлибо услуг, до оформления кредитного договора).

**(Продолжение - в следущем номере)**

Цо гIакъилаб ргаIиялъ гIадлуялде рачуна,
Цо тIамураб кициялъ канал берал рагьула.
Инхоса Пали-хIажи



# Аргъвани – гъазизабазул хъала



(Байбихьи - 2 - аб. гьумералда)

## Муридзаби хIадур рукIана ахирисеб хIухьел босизегIан рагъизе

Кавказалъул рагъулъ хасаб бакI ккола 1839 соналъул май-июнь моцIаз Аргъвани росдае гIоло гьабураб рагъалъ. Гьеб росдада гIагардегIан рачIана Апшероналъул полкалъул 3 батальон, 200 рекIарав, 400 лъелав хъазахъ, кабардиназул кIиго батальон ва цогидалги. Генерал-лейтенант Петр Граббел нухмалъиялда Аргъвани росуялда тIаде кIанцIизе хIадурлъулел рукIана. Имам Шамилил къуват Дагъистаналда ва Чачаналъ цIикIкIунеб букIана. Эркенлъиялъе, чияда раралльун гьечIолъиялъе, диналъе, ВатIаналъе гIоло кьеркьеялъул рахькколел гIадамазул рахъалдасан цолъи щулалъулеб букIана. Муридзаби хIадур рукIана ахирисеб хIухьел босизегIан рагъизе.

Кавказалъул хасаб корпусалъул командир Е. А. Головиница, императорасул рахъалдасан изнуги щун, хIукму гьабуна Дагъистаналъул мугIрузда Шамил имамасда данде кьеркьезе, хвалилаб кьабиги щвезабун, АхIулгохI бахъизе ва ГIандигIорухъ щулалъизе, гьенисан, цIиял щулалъабиги гIуцIун, мугIрузул Дагъистаналда хъаравуллъи, кверщел чIезабизе. Аскарал рикьана кIийиде. Цояб аскаралъе нухмалъи гьабуна генерал Головиница – Югалъул Дагъистан мутIигI гьабизе ва гьениб хъала базе. АхIулгохI бахъизе тIадкъараб аскаралъе нухмалъи гьабулеб букIана генерал-лейтенант П. Х. Граббеца.

## Ташав-хIажил аскаралъул кумек

1839 соналъул 9 маялда жиндирго аскаралгун Граббе Салаватиялдехун, НахъбакIалдехун, вачIана, ХIаримагIардасан жанисеб Дагъисталалде кьокъана. Имам Шамилида гьезул планазул хIакъалъулъ лъана, дандечIей гьабизе хIадурлъана. АхIулгохI гуребги, Аргъвани росуги щула гьабуна. Салаватиялде ритIана дандечIей гьабизе бакIалъул гIадамал хIадур гьареян чапарзаби. Салаватиялъул росабалъе аскарал рачIунеб нухда, Герзел гIоралъул рагIалда щулалъи ккуна Шамил имамасул наиб Ташав-хIажица, чачаназул кIудияб аскар цадахъгун. Гьесие кумекалъе рачIана аваразул наибзаби Сурхай ва ГIалибег. Амма рагъда Граббеца Ташав-хIажил аскар къезабуна, АхIмадхъалаялда, Мискеталда ва цогидалги бакIазда щулалъаби риххизаруна. Гьебго заманаялда пачаясул аскаразеги чIахIиял камиял ккана. Аскариязда хадуб гIемерал гьаказда букIараб къайи, квен-тIех камуна. Гьеб гьечIого церехун ине рес букIинчIо, гIадруссине ккана Внезапная хъаладухъе. 21 маялда аскар бачIана Гъозталаялде ва Апшероналъул полкалъул лъабго батальоналъухъ балагьун чIана.

1839 соналъул 24 маялда Граббе аскаралгун ана Гертмаялде, гьенисан Дилималде, Буртунаялде. Шамил имам Бакълъулазул ракьалдаса, ГIанди ва КIаратIа мухъаздаса, гьединго багвалазул, чIамалазул ва цогидазулги ункъазарго чи вугеб аскаргун данде кьеркьезе хIадурлъиялда чIана. Гьеб рагъда Шамил нахъе къазе ккана – Аргъвани росулъ щулалъи ккуна ва чанго къоялъ Граббел аскар цебехун ине биччачIо.

## Рос гъазаваталда шагьидлъидал, бихьиназда цадахъ ягъана Аргъванисa Хасбика

Буртунай, ГIаркьухъ, Данухъ росабалъ цIадул кор боркьарал рагъалги гьарун, анцIазарго чи вугеб Граббел аскар 30 маялда Аргъванибе бачIана. Генераласда бичIчIун букIана гьеб росу бахъизе захIмалъулебльи. Амма Аргъвани росу АхIулгохIде ине каву гIадинаб бакI букIиналъ, бахъичIого чара гьечIебльун букIана. Граббе гIажаиблъизавуна, бакIалъул хаслъабиги хIисабалде росун, инженериял къагIидабиги цIунун, Аргъвани росу щула гьабураб куцалъ. 10-азарго муридас цIунун букIана росу. Минабиги гьенир гIебал ганчIил къадазул гьарурал рукIана. КIудияб махщалида рачIине кколеб кIиго сухъмахънухги букIана гьенибе. Росулъ бугеб 500 минаялъул щибаб гьужум гьабун гурони босизе кIолареб хъала гIадин букIана, къватIалги, рищцатал къадал гьарун, щула гьарун рукIана.

Руччаби, лъимал, херал чагIи Ингишо, ЛъаратIа росабалъе гочинарун рукIана. Росу цIунизе муридзабигун Шамил имам живго чIун вукIана. КIиго хиянатчияс гьужум гьабизе санагIатаб рахъ бальго бихьизабичIебани, Граббел аскаралда гьедигIан бигьаго росу бахъизе кIвелароан ва цIикIкIун ками ккелаан. ТIаде кIанцIана МелъелтIехун бугеб нухдасан полковник Лабинцевас нухмалъулеб Апшероналъул полкалъул лъабго батальон, Данухъ росулъахун – генерал-майор Пантелеевасул батальон, Гьадари росулъан –Куриназул кIиго батальон. Росдаде гьужум гьабуна бакъанида сагIат ункъоялда. Хвалильа хIинкъичIого, бахIарчиго рагъана Шамил имамасул муридзаби. Граббел аскаразеги камиял дагъал ккечIо. ТIаде кIанцIиялдалъун росу бахъизе кIолареблъи бичIчIун, магIарулазул бахIарчияб кьеркьейги бихьун, Граббеца буюрана гьужум чIезе теян.

ХиянатчагIазул хъулухъалдаса пайдаги босун, Тимурил нухасан, ХIанчIимагIардасан, Гьой кколеб гIусдасан, ГургинабгохIдасан Аргъванире БакътIерхьул рахъалъан кIкIалахъан рачIана солдатал ва, къалиги кьабулаго, гьужумалъ ана 31 маялъул радал микьгоялда. Гьеб букIана гIасияб рагъ. Муридзабаз чанго нухалъ Граббел гьужумал нахъчIвана, Шамил имам цадахъ вукIиналъ, гьира базабурал гьел, лъукъаралгицин, жидедаго барахщичIого, рагъулел рукIана. БихьинчилъиялдаРагъана Аргъванисa КIудияв ГъазимухIамад, Зирар, АхIматIил ГIали, АхIматIил ГIусман, ГIумар, ИсмагIил, Ханахъайил МухIамад, МелъелтIаса кIиго вац Ибрагьим ва Абакар, Ингишоса Чупан, СайгитухIума, КIудияв Дибир. БахIарчиго къадаралде щвана машгьурав гIалимчи Кьохъа МалламухIамад. Машгьурлъана Аргъванисa Хасбикал цIар. Рос рагъда чIван вукIин лъараб мехалда, бихьиназда цадахъ яхъана гьей. Рагъда захIматго лъукъана Хасбика, гьей имам Шамил имамас гъазизабазул боялда цадахъ АхIулгохIде ячана.

## Аргъвани ва АхIулгохIда щулалъаби рана Абакар-къадица

Куриналги апшероналги Аргъванире БакътIерхьул рахъалдасан рорчIана ва росулъ жаниб рагъ байбихьана. Хъала хIисабалда бугеб щибаб рокъобе кIкIуйдул тIаладухъан солдатаз жанире рехулел рукIана гранатаби. МугIрул халкъалъул цо-цоял гьенир рухIун холел рукIана. ТIубараб кьоялъ кIиябго рахъалъул биял гIодоре тIолел рукIана. КъватIахъги, рукъзабазул тIохаздаги хучдулгун, хунжрулгун, хвалчабигун рагъ унеб букIана. Ракьалда гьоркьан нухал гьарун рукIиналъ, солдатазда кьаби щвезабизе бажарулеб букIана. Росу дандечIезе хIадурлъиялъе кIудияб бутIа лъуна наиб Абакар-къадица. Гьесулго нухмалъиялда гьаруна АхIулгохIда щулалъабиги. 31 маялда къасиялде гIемерисел минаби риххана, рагъ гьоркьоб къотIичIо рукIкIинегIан.

Росу солдатазул кверщаликье ккана. Къаси мехалда Шамил имам чIаго хутIарал рагъухъабигун Садуб байданалде ана, гьениб сордо бана ва АхIулгохIде вахана. Цо-цо баяназда рекьон, 36 сагIаталъул рагъулъ Граббел отрядалда 611 солдат, 30 офицер ва цо генерал чIвана, Шамил имамасул рагъухъабазул 1750 чи камуна. Муридзабазе аслияб ками ккезабулеб букIана тушбабазул гIарадабаз. ТIоцебесеб июналда солдатаз байбихьана хвараzул жаназаби ракIаризе ва росу биххизабизе. Лъабабилеб июналъул къасиялде росу, рукъзал рукIараб бакIцин лъаларедухъ, гьабуна.

## 600 шагьид вукъарал хобал ва ЦIадахIариса бахIарзал

Гьеб рагъда шагьидлъарав Шамил имамасул 600 мурид вукъун вугин Аргъвани росдал хабалалъин абулеб бицен эргъвендерил наслабаз наслабахъе кьолеб буго. Гьаниб рехсезе мустахIикъаб буго гьаб хIужаги – Аргъваниб ккараб рагъул бицен гьабулаго, Шамилие кумекалъе ЧIиркъатIасахун Аргъванире рачIун руго цIадахIарисел. Гьезда Граббел аскараз росу сверун ккун батун буго. Асирлъуде ккезеги бокьичIого, гьел, тушбаби гIемерлъидал ва тIаде къайдал, кьурулъан гьоркье кIанцIун руго. Буртинаби ретIарал чIаго хутIун, гьел гьечIелал хун руго. Гьеб кьуруялда абула БагIарлъабазул парасилан ялъуни Шагьидзабазул кьуруйилан.

Эргъвендерица хIехьезе ккана гIемер гIакъуба, кьварилъи. Рагъда гIахьаллъана росдал киналго бихьинал. Цо кьоялда жанив 60 аргъванисев шагьидлъана, цогидал лъукъана. ТIуранго рукъзал риххизаруна. Хурзабахъ бекьанщинаб хвезабуна. Сверухъ ругел росабазул жамагIатаз эргъвендерие кумек гьабуна рагъдаса хадуб цIидасан магIишат гIуцIизе.

**МухIамадгъази Жамалудинов,**
**юридикиял гIелмабазул кандидат**


ЗИГАРА

**Гумбет районалъул нухмалъулез ва «Гумбет» газеталъул редакциялъул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго районалъул газеталъул бетIерав редактор ХIамзат ГIизудиновасда, имгIал АхIмадсагIид ва ункъгIал Чакар Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

**Аллагьас хваразе ахират лъикIаб кьун батаги, нахъе ругезе халатаб гIумруги кьеги. Амин.**

ЗИГАРА

**«Гумбет» газеталъул редакциялъул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго ГIайшат Исламбиевалда, яцалъул рос Набигула ва росасул яц Муслимат Аллагьасул къададалде щвеялда бан.**

**Аллагьас хваразе ахират лъикIаб кьун батаги, нахъе ругезе халатаб гIумруги кьеги. Амин.**



БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Кьурмагьиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1063
Газета къватIибе биччазе гьулбасана, графикалда рекьон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144


Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ кьимат кьезелъун.